

7 oktòb 2020

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston:

Pandan planifikasyon nou pou otòn nan, Majistra Walsh avè m nou te rete fèm nan angajman nou pou nou pran desizyon ki baze nan syans ak done epi ki kenbe sante, sekirite, ak byennèt elèv nou yo, fanmi yo, pwofesè yo, staf nou, ak tout kominote antye a nan sant lan.

Kalandriye entwodiksyon an sekirite ak responsab la pou modèl ibrid la te devlope pou pèmèt BPS ak ofisye sante piblik yo kapasite pou kontwole done yo, swiv tandans yo, epi avanse avèk oswa mete plan nan sou pòz kòm sadwa. Nan yo mizajou ki te pibliye maten an, nou te resevwa nouvo done sou sante piblik ki te fè nou mete plan aktyèl nou an sou pòz.

Majistra te anonse to pozitivite a pou COVID-19 pou tout vil la te ògmante rive 4.1%. Chif sa yon ti jan pi wo pase limit 4% ki te rekòmande pa ofisye sou sante piblik nan akò nou avèk Sendika Pwofesè Boston kòm yon repè pou nou tounen nan aprantisaj antyèman a distans. Pandan n ap sonje sa, nou te deside kanpe pwochen faz nan retou nou nan lekòl an sekirite an ki te pwograme orijinalman pou li kòmanse pa pi bonè pase 15 oktòb. Nou pral revize tout done yo pandan semèn k ap vini a epi pran plis desizyon selon sa nou aprann.

BPS rete angaje nan respekte chwa fanmi yo ak priorite elèv nou ki gen plis bezwen pou aprantisaj an pèsòn. apre konsiltasyon avèk DESE, ofisye nan sante piblik nan nivo vil la ak eta an epi an konsiderasyon kantite elèv ki nan lekòl aktyèlman, tout elèv ki te tounen nan bilding lekòl BPS pandan semèn ki fenk pase a, oswa ki te idantifye kòm elèv ak anpil bezwen avan elijib pou yo tounen nan bilding lekòl yo, pral kontinye gen opsyon pou yo aprann an pèsòn ak aksede ansèyman ak sipò nan men edikatè yo. Kòm toujou, fanmi yo gen opsyon an pou yo kenbe pitit yo lakay pou yo patisipe nan aprantisaj a distans ak klas yo a.

Sa a se te yon moman difisil pou nou tout. Nou te konnen pandan nou t ap kòmanse ane skolè sa a le nou te bezwen fleksib avèk planifikasyon nou. Objektid nou te toujou pou nou kreye opòtinite pou aprantisaj ak sèvis an pèsòn elèv ak fanmi yo te mande epi nou konnen anpil elèv bezwen sa pou yo fleri sosyalman kou akademikman – nan yon fason ki an sekirite pou yo menm kou staf nou. BPS kontinye ap revize metrik, tandans ak oryantasyon pou sante piblik, epi nou pral ban nou yon mizajou pou plan nou yo menm kote nou devlope yo.

Mèsi pou gras, pasyans, ak fleksibilite w. Nou rete angaje pou nou bay elèv nou yo yon edikasyon ekselan ak eksitan, avèk sante ak sekirite yo premye priyorite nou.

Rete an sekirite ak sante.



Dr. Brenda Cassellius

Sipèentendant

Vil Boston an te ògmante efò pou teste epi fè sansibilizasyon nan katye ki afekte yo.

Gen plis enfòmasyon sou COVID-19, ki enkli sit tès ak resous kominotè disponib sou boston.gov/coronavirus. Pou plis enfòmasyon sou re-oibèti an otòn, resous teknolojik ak sit pou manje gratis, ale sou

bostonpublicschools.org/reopening.